

**ХУАРЗДЗИЙНАДИ ФАРСМÆ МА Æ ФУДÆНÆН ЛÆГЪУЗДЗИЙНАДÆ ДÆР РАВЗУРУЙ...**

***ЭЗОП, рагон бердзейнаг æмбесæндтæ финсæг: «Фæснад æхсæрибæласи рæзти кадæриддæр рацæуидæ, етæ æ разæй фæххайгин уни зæрдтæй, дорадзагъд ибæл исаразиуонцæ. Бæласæ, мæгур, гъæрзтæй: «Цæй æнамонд дæн, цæй!.. Алли анз мæхецæн æрзайун кæнун рист æма æлгъиститæ...» Хуæрзгæнæг, дан, хуарз нæ еруй...» Цæйбæрцæбæл раст загъд æй – уæлдайдæр ба нури цардиуагæмæ гæсгæ...***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№11 (883) 2023 анзи 31 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ

Аргъ 1 туман




# «КАРНÆЙ ÆГИРИДДÆР НÆ ГЪАСТ КÆНУН...»

Уотæ кæддæр загъта нæ Иристони цитгийнагдæр лæгтæй еу, **Битъæти Роберт**. Æма æ еци загъд æруагæс кодта, кадæриддæр æй зудта, уонæй сæ еугуремæй дæр. Уомæн æма е æцæгæйдæр адтæй цардбæллон, рæстудæй æма зæрдхæларæй æ карнæ ка аразта, уæхæн адæймаг. Нæ рагфидтæлти загъд «Адæмуарзон адæймаги амондæй дуккаг амонд дæр райгуруй!..» æнæгъæнæйдæр хауй Битъæти Робертмæ дæр. Уомæн æма æ амондæй хайгин кодта дзилли дæр, кæд естæмæ тундзтæй, уæд, фиццагидæр, ескæмæн ести хуарз ракæнунмæ, уой туххæй адæмæн адтæй хеуон æма зæрдтагон.

Битъæти Александри фурт Роберт райгурдæй 1943 анзи 20 мартъий Синдзигъæуи. Цæгат Иристони паддзахадон педагогон институти физикон гъомбæлади факультети ахур кæнгæй, æ устурдæр бæлдæ баст адтæй театри хæццæ. Раздæр бал уордæмæ бацудæй декорацитæ æвæрæгæй, фæстæдæр ба ин æрæстæфтæнцæ æ искурдиадæ, равардтонцæ ин кæцидæр рольтихе бавзаруни равгæ. Æ еци фиццаг рольти уойбæрцæбæл фескъуæлхтæй æма ибæл банвæрстæнцæ, куд исуйнаг искурдиадæгин актер, уотæ.

Ирон театри сценæбæл Битъæти Роберт рагъазта нигулæн-европаг, уруссаг æма национ драматургий дæс æма æртинсæй ролемæй фулдæреми. Уоми æмхузон хуарз аразта куд драмон, уотæ комедион сорæттæ дæр. Сæ фулдæр бацудæнцæ Иристони сцени аййевади хæзнадонæмæ.

4

**ÆНÆМÆНГÆ ГЪÆУГÆ ГЪУДДАГ ИСАРАЗУНИ ÆМЗÆРДÆ-ÆМВÆНДÆЙ БАЙАРХАЙÆН!..**



## НÆУÆГ ДОГÆН – НÆУÆГ ФÆРÆЗНИТÆ

Дигорон æвзаг гъæздуг ке ’й, е дузæрдуггаг нæй. Уомæн ес берæ агъазиау æвдесæнтæ. Фиццагидæр, нæ номдзуд финсгутæ Гурджибети Блашкай, Малити Геуæргий, Багъæрати Созури, Бесати Тазей, Хъазбегти Хъазбеги æма нæ дигорон литератури иннæ хъазауатонти исфæлдистадæ, нæ нуриккон дигорон финсгути уадзимистæ. Иннæ уæхæн æвдесæн – Тахъазти Федари исарæзт «Дигорон-уруссаг дзурдуат». Е агъазиау фæрæзнæ иссæй нæ маддæлон æвзаг багъæуай кæнуни æма ирæзуни гъуддаги. Фал имæ нæ дзиллæ цæмæдæр гæсгæ уоййасæбæл се ’ргом нæ раздахтонцæ, мадта ’й беретæ ба зонгæ дæр нæ кæнунцæ æма си пайда дæр нæ кæнунцæ. Е, æвæдзи, уой фудæй дæр æй æма æ рапарахат кæнунбæл фагæ куст не ’рцудæй.

3

**НОМЕРÆН**



## ЗОНЫН

*Зонын, æфсæрмæй кæудзыстут,*
*Бавæрдзыстут мын мæ мард,*
*«Рухсаг у, рухсаг, – зæгъдзыстут, –*
*Ницæмæн уал уыд дæ цард!»*

*Зонын, æргæвддзыстут исты, –*
*Мардыл ма чи дары ком? –*
*Алчи æфсæстæй мæ хисты*
*Ссардзæн арахъхъæй мæ ном.*

*Иу бон æгъгъæд у мысынæн,*
*Иу бон кæндзыстут мæ дзырд,*
*Уыйфæстæ ферох уыдзынæн, –*
*Ничи уал зондзæн мæ цырт.*

Къоста дзæгъæли æрхун кодта, гъома, æ фæсмæрдæ ’й феронх уодзæнæнцæ дзиллæ. Нæ феронх æнцæ æ рохс ном, æ берæ арфиаг хъиамæттæ нæ адæмæй. Фæлтæрæй-фæлтæрмæ ’й цитгин кæнунцæ Иристони æма ин æностæмæ кадæгонд цæудзæнæй.

Абони ба æ рамæлæти бонмæ (æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1906 анзи 1 апърели) мухур кæнæн хецæн æрмæгутæ (6-7-аг фæрстæбæл).

**СÆРУСТУР АН!..**



## ДАТИТИ АЛАН – УÆРÆСЕЙ БÆГЪАТÆР

Президент **Владимир Путини** Указæй Иристони хъайтар фурттæй еу – æфсæддон тæхæг, майор **Датити Аланæн** лæвæрд æрцудæй Уæрæсей Бæгъатæри ном.

Президенти Укази куд загъд ес, уотемæй Датий-фурт, Украини зæнхæбæл сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй, равдиста æгæрон лæгдзийнадæ, фæнзуйнагæй æнхæст кодта æ размæвæрд тугъдон нисантæ. Уой хинцгæй, Датити Аланæн исаккаг кодтонцæ Уæрæсей Бæгъатæри ном. Уой хæццæ, сæрмагондæй зæгъун гъæуй, амæй размæ Датий-фуртæн Лæгдзийнади дууæ ордени æма «Бæгъатæрдзийнади туххæй» майдан ке равардтонцæ, уой дæр.

Уæрæсей Уæлдæфон-космосон тухти Датити Алан нуриуæнгæ службæ кæнуй æртæ æма инсæй анзей бæрцæ.

*Агъази еумæйаг феддон анзи райдайæнæй нуриуæнгæ Цæгат Иристони райстонцæ 25 мин сувæллоней ниййергутæ æма 1,1 мин æнгъæлдзау силгоймаги. Еци феддонти бæрцæ иссæй 404,7 миллион соми. Феддонтæ райсуни туххæй курдиадæ бадæттун гъæуй портал «Госуслуги»-мæ.*

ДИН ÆМА ЦАРД

### ЦИТГИН МÆЙÆ – РАМАДАН

Пусулмæнттæмæ мæйæ Рамадан нимад цæуй анзи дæргъи тæккæ цитгиндæрбæл. Хъурани уотæ финст æй: «Мæйæ Рамадан æй, Хъуран – адæмæн зундамонæн (раст надбæл цæунæн) æма æртасунæн (æцæгдзийнадæ æма мæнгæдзийнади ’хсæн) – æрвист ку ’рцудæй, еци мæйæ...»

Пахампари хадисмæ гæсгæ, мæйæ Рамадан ку ралæууй, уæд байгон унцæ дзенети дуæрттæ, дзаханай дуæрттæ ба æхгæд æрцæунцæ æма баст æрцæунцæ ибилистæ, цæмæй гъигæ ма даронцæ пусулмæнтти, Æцæгдзийнади надæй сæ ма дзæгъæл кæнонцæ.

Рамадан æй комдаруни мæйæ. Пусулмæнттæй ком дарун е ’нæнездзийнадæмæ гæсгæ кæмæн æнгъезуй æма еци æгъдау æнхæст кæнунæй ихæсгин ка ’й, еци адæймагæн бонæй ниуазуни, хуæруни, думун æма ерхæфсæнттæбæл рæстæг æрветуни барæ нæйиес. Бонæй адæймаг гъæуама коса, кова, Хъуран кæса, хуарздзийнадæбæл гъуди кæна æма хуæрзауодæн куст æнхæст кæна.

Комдаруни рæстæг адæймагæн хуæруни æма ниуазуни барæ ес айдагъдæр хорнигулди фæсте æма е ’скæсуни размæ.

Рамадани мæйи æгъдæутти æма фæткити туххæй уин бæлвурддæрæй радзорзинан нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми. Нур ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма комдарæн мæйæ рахецæн уй пусулмæнтти сæйраг бæрæгбæнттæй еуемæй – Комуадзæнæй (Уораза – байрам).







# «ЦАРДАМОНДМÆ БÆЛГÆЙ, УÆХЕБÆЛ КОСУНÆЙ МА ФÆЛЛАЙЕТÆ!..»

Еу зундгин лæг, дан, кæддæр фæсевæди хæццæ цардарæзти хабæртти фæдбæл ку дзубанди кодта, уæд æй бафарстонцæ:

– Кæмæй истай зунд?

Æма син е равардта уæхæн дзуапп:

– Хъæрæутæй!.. Хъæрæу æ къах не ’рæвæрдзæнæй, рагацау æ лæдзæгæй ке нæ исбæрæг кæна, уæхæн рауæни...

Аци хабар, махмæ гæсгæ, фæдзæхсти хузи бабæззидæ нæ кæстæртæн, сæ карни нæдтæ равзаруни размæ, цæмæ бæллис æма сæ бантæсунбæл кутемæй архайуйнаг дæ, зæгъгæ, рагъуди кæнунæн. Уогæ еци загъд æнæгъæнæй дæр хауй хестæртæмæ дæр: нæ кæстæртæ нæ исоннибон æнцæ, æма сæ абони ку фæррæствæндаг кæнæн, уæд, цæмæ сæмæ æнгъæлмæ кæсæн, уомæй зæрдрохс уодзинан. Аци фарста кæд хъæбæр сагъæссаг æй, уæддæр ес еугур равгитæ тæккæ хуæздæр хузи æ райаразунæн. Æцæг ибæл еудадзуг æма æновудæй косун гъæуй. Уомæн, махмæ гæсгæ, нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз** берæ кустæгути ’хсæн сæйрагдæр фарстатæй еуебæл нимайуй ирæзгæ фæлтæрти хæццæ архайд. Фарæ октябри Парламенти арæзт æрцудæй ахурдзау фæсевæди хæццæ фембæлд. Уæд Тускъай-фурт райарфæ кодта Дзæуæгигъæуи базарадон экономикон колледжи студенттæн, Еугуруæрæсеуон конкурси уæлахездзау ке разиндтæнцæ, уой фæдбæл. Е ма уæд бæлвурд дзуæппитæ равардта, фæсевæдæн сæйрагдæр ка ’й, уæхæн берæ фарстатæбæл.

Æма бабæй мæнæ æрæги арæзт æрцудæй еума уæхæн фембæлд. Уогæ аци хатт ба Тускъати Таймораз æхуæдæг иуазæгути адтæй ахурдзау фæсевæдæн сæхемæ – фембалдæй Хуæнхон паддзахадон аграрон университети æма Цæгат Иристони базарадон-экономикон колледжи студентти хæццæ. Ци берæ аллихузон фарстати фæдбæл си цудæй дзубанди, етæ адтæнцæ: республики фæсевæдон парламентмæ æвзурститæ, æригон фæлтæри архайд социалон-культурон æма нæ еугур æхсæнадæн дæр. Æма сæ гъæуама фæнзайтæ, е уин фæййагъаз уодзæнæй царди бæрзæндтæмæ исхезунæн. Иристон æй, æнæгъæнæ дуйней дæр ке зонунцæ, аргъ кæмæн кæнунцæ, уæхæн адæймæгути райгурæн бæстæ. Цитгин Хетæгкати Къоста, дуйней фиццаг силгоймаг-дирижер Дударати Вероникæ, ехсæттæн дæр – æригон специалист ахур фæцæй, райста диплом, фал куст иссерун æ бон нæй. Æма уæдта ци гæнгæ ’й? Еци фарстайæн Тускъати Таймораз равардта уæхæн дзуапп:

– Уæ фиццаг кусти бунатмæ курдиадæ ку раттайтæ, уæд рагацау ма агоретæ уæхецæн уæлдай зæрдæмæдзæугæдæр уавæртæ æма фадуæттæ. Исарази бал уотæ, кустуати разамунд уин ци зæгъа, уобæл. Æма райдайетæ косун. Хецау кæсдзæнæй, æма уæ архайд, уæ февнæлд æ зæрдæмæ ку фæццæуа, уæд уин æхуæдæг агордзæнæй хуæздæр, пайдадæр гæнæнтæ æма фадуæттæ. Уæхебæл косунæй ма фæллайетæ, сæйрагдæр – ахур æй æма имæ тундзетæ!..»

Тускъати Таймораз æ радзубандий нæ Иристони намусгин адæймæгути æримисгæй, фæсевæдæн фæнзетæ сæ, зæгъгæ, ке бафæдзахста, уомæ гæсгæ зæрдæбæл еу рагон хабар æрбалæууй.

Еу æнæкелбет бердзейнаг, дан, скифти бæстæмæ бафтудæй æма дзæнгæда цæгъдунæй нæбал æнцадæй. Скифтæ ибæл ходун байдæттонцæ.

– Сумах мæнæн гъæуама устур аргъ кæнайтæ, – æсхустæй дзоруй иуазæг. – Æз уæмæ æрбафтудтæн, Платон ци бæсти райгурдæй, уордигæй!..

Æма ин скифтæ ба загътонцæ:

– Цæмæй дин аргъ кæнæн, уой туххæй гъæуама Платони хузæн дзорай. Ду ба дзæгъæл дзæнгæда цæгъдис...

Гъе уотæ нæ нури кæстæртæ дæр æй рæстзундæй лæдæронцæ: нæ фидтæлти кадæ æма намусæй сæрустур уогæй, архайун гъæуй уони хузæн лæгдзийнадтæй фескъуæлхун...

НÆКÆСИ!..



**БАТЫШЕВ Сергей, педагогон наукити доктор:**

**«Беретæ хъæбæр зинтæй исарази унцæ сæхуæдтæ сæхе цардиуаги гъуддæгути фæдбæл сæхемæ бæрнондзийнадæ райсунбæл. Æвæдзи, уомæ гæсгæ æма хемæ бæрнондзийнадæ уой амонуй, æма уæд адæймаги багъæудзæнæй «нæ» зæгъун æ зæрдихудтитæн, кедæр гъæнтæ бæрæг кæнунæн, куд иннети, уотæ æхе дæр фудгин кæнунæй. Е ба домуй бæрæг æййиввддзийнадтæ æма тухархайд. Гъай-гъайдæр, хе раййевуни бæсти, кедæр фудгин кæнун æнцондæр æй. Берæ адæймæгутæ, сæ сагъæссаг уавæри фуд зонгæй, уæддæр нæ архайунцæ хе раййевунбæл, æма уой бæсти сæхецæн аккаг кæнунцæ ухери кæнун. Е æй сæ барæвзарæ ’й. Алли адæймаг дæр æхуæдæг фæлдесуй æ дуйне...»**

политикон тугъдади, патриотон гъомбæладæ. Райгурæн бæстæбæл рæстудæй æновуд ун æма æ гъомусади сæрбæлтау рæстзæрдæй архайунмæ цæттæдзийнадæ...

Æ радзубандий Тускъати Таймораз баханхæ кодта, ахуради ахедундзийнадæ, куд æнæгъæнæ æхсæнадæн, уотæ хецæн адæймæгутæн дæр сæйрагдæр ке ’й, уой.

– Гъæуама хуарз зонайтæ нæ бæсти, нæ республики, уæ бийнонти евгъуд рæстæгути хабæрттæ. Дузæрдуггаг нæй – сумахæй алкæмæн дæр ес уæхæн зонгæ адæймæгутæ, кæцитæн сæ ахедундзийнадæ, гъомусадæ агъазиау æнцæ науæ «Ленин»-и капитан Кучити Юрий, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, Монголий Адæмон Республики Бæгъатæр Плити Иссæ æма ма беретæ. Царди циуавæрфæнди къабазæ ку райсай, уæддæр си иссердзæнæ нæ адæми минæвæртти намусгин нæмттæ, уони хæццæ дзæвгарæ ес æригон адæймæгутæ дæр.

Студенттæ Тускъай-фуртмæ айдагъ игъосгæ нæ кодтонцæ, фал сæхуæдтæ дæр сæ гъудитæ загътонцæ.

Уæдта ма лæвардтонцæ Тускъай-фуртмæ фарстатæ, е син равардта бæлвурд, æнхæст дзуæппитæ. Аллихузон фарстати æмрæнгъæ адтæй уæхæн дæр – æригон специалист ахур фæцæй...

*Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта БИЧИЛТИ Алетæ.*

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

Æ РАФИНСУНИ АРГЪ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР

**Хуцаубони, 2 апърели бæрæггонд цæудзæнæй геологи Бон. Зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики еугур геологтæн дæр – уæхæн адæм ба нæмæ берæ ес – сæ бæрæгбони фæдбæл.**

***Инвалидти цардиуаги берæ аллихузон фарстати фæдбæл 2022 анзæй нуриуæнгæ Цæгат Иристони дзиллон хабархæссæг фæрæзнити рацудæй 3000 игъосункæнуйнагемæй фулдæр. Уонæй 640 – мухури фæрæзнити, 90 – телеуинунади æма 2000 – Интернети.***



# «НÆ ДЗУРДИ ФАРНÆЙ ФÆЙЙАГЪАЗ КÆНУНБÆЛ НÆ БАЙАУÆРДДЗИНАН!..»

Аци нимæдзтæ райгъустæнцæ «Дзиллон хабархæссæг фæрæзнити архайд инвалидти царди», зæгъгæ, æмбурди. Мадзал арæзт æрцудæй нæ республики мухури æма дзиллон хабархæссæг фæрæзнити Комитет, фæллойнæ æма социалон ирæзти министрадæ, республики организаци «Инвалидти еугуруæрæсеуон æхсæнадæ», социалон æма барадон агъази æма цæргути дзæбæх кæнуни организаци «Хуарздзийнадæ адæмæн», гъосæй лæгъуз ка игъосуй, уæхæн адæми цæгатиристойнаг регионалон æхсæнадон организаци «Зæлти дуйне» æма Дауни синдроми хæццæ адæмæн агъаз цæгатиристойнаг регионалон æхсæнадон организаци «Æййивддзийнæдти рæстæг»-и хъæппæресæй.

– Инвалидтæмæ адæми рахастдзийнади дзиллон хабарæссæг фæрæзнитæн устур ахедундзийнадæ ес, – загъта æ радзубандий нæ республики мухури æма дзиллон хабархæссæг фæрæзнити гъуддæгути фæдбæл Комитети сæрдар **Фидарати Юрий**.

– Нæ еугурей еумæйаг ихæс æй, цæмæй æхсæнади ’рдигæй инвалидтæмæ зæрдхæлар æма хуæрзауодæн зæрдихатт цæстингасæй каст цæуа, уомæ адæми разæнгард кæнунбæл архайун, инвалидтæмæ игъæлдзæг рахастдзийнадæ æвзурун кæнун. Гъæуй лæмбунæгдæр цæстæй кæсун æма лæдæрун, кæбæл финсæн æма дзорæн, циуавæр дзурдтæ иссерун гъæуй, цæмæй не ’рмæгути архайгути зæрдитæ ма фæхходонцæ æма ма фæрресонцæ, æма авторæн дæр уæлдай зиндзийнæдтæ ма исæвзуронцæ.

Æмбурди дзубанди цудæй, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити æмархайдбæл инвалидти царди туххæй фарстатæбæл, æрмæгутæ куд цæттæ кæнун гъæуй, уæдта, цæмæй дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ инвалидти туххæй арæзт аллихузон мадзæлтти архайуонцæ.

Фембæлд рауадæй ахедгæ æма ахсгиаг. Æхсæнадон организацитæ æма республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити разамонгутæ æма мадзали иннæ архайгути радзубандити ци фарстатæ бæрæггонд æрцудæнцæ, етæ гъæугæ хузи æнхæстгонд ке ’рцæудзæнæнцæ, уобæл æууæндæн ес.

Цæгат Иристони республикон организаци «инвалидти еугуруæрæсеуон Æхсæнадæ»-йи сæрдар **Бетрозти Ритæ** радзурдта, сæрмагонд адæми хæццæ циуавæр куст цæуй, æма адæмæн инвалидти туххæй циуавæр информаци дæтгæ ’й, уой туххæй.

– Инвалидти æнæнез адæмæй хецæнгæнæн нæййес, – баханхæ кодта æ радзубандий. Не ’нгъезуй сæмæ информацион æрмæгути фæрци тæрегъæддзийнадæ æвзурун кæнун. Гъæуй сæ æвдесун социуми разæнгардæй архайгутæй, цæмæй сæ бийнонтæ æма æхсæнадæ дæр уинонцæ, сæ бон еуварсæй кæсун нæ, фал зæрдиагæй архайун дæр ке æй, уой. Махæн нæ ихæс æй, инвалидтæ сæхе æхсæнади æнæзæрдихудтæй куд лæдæронцæ, уобæл архайун.

Республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити разамонгутæ нифс байвардтонцæ, инвалидти царди ахсгиаг фарстатæбæл, æхсæнадон организацити проекттæбæл ке косдзæнæнцæ, уомæй.




# ÆНДОН АРТИ ÆХСЕДУЙ, АДÆЙМАГ БА КУСТИ!..

Цæгат Иристони райдæдта инвалидтæ æма се ’нæнездзийнадæмæ гæсгæ цубургонд гæнæнти хæццæ адæймæгути ’хсæн профессион дæснидзийнадæй чемпионат «Абилимпикс»-и аци анзи республикон еристæмæ цæттæгæнæн хай.

Аразунцæ ’й Цæгат Иристони ахурадæ æма науки Министрадæ «Абилимпикс»-и регионалон хайадæ.

Чемпионати архайуни барæ ес цуппæрдæс анземæй хестæр скъоладзаутæн, студенттæн æма гъомбæл специалисттæн, æма сæ уой туххæй 2 апърели уæнгæ бадæттун гъæуй курдиадæ.

– Æвдæймаг хатт нæ республики ка рацæудзæнæй, еци агъазиау чемпионати архайгутæ аллихатт дæр бавдесунцæ уоди алæмæти хъаурæ æма нæуæг æнтæстдзийнæдтæмæ тундзундзийнадæ. Аци еристи фæрци берæ æригон специалисттæ хе дæсниадæн над ке равзардзæнæнцæ, е ни федарæй æруагæс кæнуй, – загъта нæ республики ахурадæ æма науки министр **Алибегти Эллæ**.

Аци анз еристæ ци æртиндæс дæсниадебæл рацæудзæнæнцæ, уонæй цуппар – «Хуæруйнаггæнæги куст», «Хуйæг», «Хуæдтолгити цалцæггæнунадæ» æма «Æндадзæн технологитæ» – кустдæтгутæмæ нимад æнцæ уæлдай ахсгиагдæрбæл.

Президентон платформæ «Уæрæсе – фадуæтти бæстæ»-йи хайбæл нимад инвалидтæ æма се ’нæнездзийнадæмæ гæсгæ цубургонд гæнæнти хæццæ адæймæгути ’хсæн «Абилимпикс»-и профессион дæсниади чемпионаттæ æнхæстгонд цæунцæ проект «Ахурадæ»-мæ гæсгæ.

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий ахурадæ æма науки Министради пресс-службæ***

## НÆУÆГ ДОГÆН – НÆУÆГ ФÆРÆЗНИТÆ

Аци фарста хецæн сæрмагонд дзубандий аккаг æй. Абони ба уой зæгъуйнаг дæн, цæмæй не ’взаг айдагъ киунуги ма байзайа, уой туххæй – нури доги домæнтæ нимайгæй – гъæуй исаразун æма рапарахт кæнун электрон хузи дзурдуат.

Нур куст цæуй мобилон приложени «Дигорон дзурдуат», исаразунбæл, кæцими нæ бон уодзæнæй тагъд райагорун дигорон дзурдтæ, байгъосун, куд финсгæ æма дзоргæ ’нцæ, фæууинун ци дзубандий хаймæ хауй дзурд, æма ма берæ æндæр гæнæнти хæццæ.

Дзурдуат уодзæнæй æртæ æвзагебæл – дигорон, уруссаг æма англисаг. Дзурдтæ нæ бон уодзæнæй цийфæнди хузи агорун: дигоронау-уруссагау, уруссагау-дигоронау, дигоронау-англисагау, англисагау-дигоронау.

Мобилон уæлæнхасæн фæййагъаз кæндзæнæй, дигорон æвзаги хæццæ ка архайуй, уонæн: ахургæнгутæн, ахурдзаутæн, тæлмацгæнгутæн, лингвисттæн, филологтæн, киунугæкæсгутæн, финсгутæн, редакцити косгутæн. Еци гæнæнтæ фиццаг хатт фæззиндзæнæнцæ. Дигорон æвзаг гъæуама æмдзо кæна нуриккон рæстæги хæццæ, фæстегæй изайун нин нецихузи æнгъезуй.

Мобилон уæлæнхасæн «Дигорон дзурдуат»-бæл куст нерæнгæ бал æнхæстгонд æрцудæй æрдæгмæ. Программисттæн ма гъæуй 1-2 мæйи байархайун, уæдта ма гъæуй дигорон дзурдти аудио ниффинсун.

Нæ къуарæн æ идарддæри куст æнхæст кæнун исзин æй, æхца ке нæ фагæ кæнуй, уой фудæй. Æма цæмæй нæ куст кæронмæ исæнхæст кæнæн, уомæй гъæуй æрæмбурд кæнун æхцай фæрæзнитæ. Уой туххæй фегъосун кодтан Digoria.com сайти. Бæлвурдæй си радзурдтан нæ кусти нисани туххæй, исистан видео, кæцими цубурæй æвдист цæуй, дигорон дзурдуат куд косдзæнæй, е.

Проекти аргъ æй 460 мин соми. Нерæнгæ бал æрæмбурд кодтан 90 мин соми. Устур арфæ кæнæн, ка нин фæййагъаз кодта, уонæн. Цæттæ уæлæнхасæнмæ хаст æрцæудзæнæй уони хигъд нæ арфити хæццæ – хецæнæй алли адæймагæн дæр, е ’ргом ка раздахта аци гъæугæ гъуддагмæ, æма, æ бон ци адтæй, уомæй ка фæййагъаз кодта, уонæн. Æхцай фæрæзнитæ идарддæр æмбурдгонд цæунцæ, æма ни федарæй æруагæс кæнуй, нæ куст кæронмæ ке искæндзинан, е. Дигорон адæм гъæуама равдесонцæ, не ’взаг нин хъазар æма зæрдтагон ке æй, фесафун æй ке нæ бауаддзинан, уой.

Кæд уæ фæндуй проектæн фæййагъаз кæнун, уæд мухур кæнæн нæ реквизиттæ.

(2202 2001 4060 9163)

Зæрдиагæй арфæ кæнæн алкæмæн дæр!

***БУДАЙТИ Морат,***
***проекти разамонæг.***

**Сувæллæнтти киунуги Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй хуцаубони, 2 апърели. Нæ зæрдæ дарæн, уой фæдбæл зæрдæмæдзæугæ мадзæлттæ арæзт ке ’рцæудзæнæй, уобæл.**

*Айларти Асæхмæт, Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг: «Битъæти Роберт аййевади урух нæдтæбæл ку ранæхстæр æй, уæд зæрдиагæй архайун байдæдта, Таутиати Солæман, Тæбæхсаути Бало, Хъалæгати Федя, Уатати Бибо æма Ирон театри иннæ номдзуд актертæ нæ национ аййевади аци ковæндони кадæгæнæгæн ци зар исистонцæ, уомæн аккаг фæрсаггæнæг исунбæл.*

## «КАРНÆЙ ÆГИРИДДÆР НÆ ГЪАСТ КÆНУН...»

Берæвæрсуг искурдиади хецау Битъæти Роберт е сценикон архайд байеу кодта телерадиокомпани «Алания»-й хæццæ, цæттæ кодта Иристони културæ æма аййевади зундгонддæр архайгути туххæй радиобакаститæ æма телевизион равдиститæ. Адтæй Цæгат Иристони паддзахадон университети аййевæдти факультети доцент.

Маддæлон æвзаг æновудæй ке уарзта æма ин æнхæстæй ке зудта æ гъæздуг гæнæнтæ, е ин равардта дуйнеуон драматургий уадзимистæ уруссаг æвзагæй ирон æвзагмæ ратæлмац кæнуни барæ. Финста ма зартæ дæр ирон спектакльтæмæ.

Адтæй режиссер-æвæрæг дæр. Дигорон театри сценæбæл исæвардта цалдæр спектакли. Битъæти Роберт ма разамунд лæвардта Чиколай адæмон театрæн дæр, кæци берæ ахсгиаг еугуруæрæсеуон исфæлдистадон еристи фæууæлахез æй.

Тæбæхсаути Балой номбæл Ирон паддзахадон академион театри раздзæуæг актертæй еу, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт артист, Цæгат Иристони адæмон артист, Хонсар Иристони æскъуæлхт артист Битъæти Роберт нæ национ културæ æма аййевадæн, нæ адæми удварнон райрæзтæн ци берæ хуæрзти бацудæй, е бæлвурдæй-бæлвурддæр æй. Уой хæццæ ба ма ни федарæй æруагæс кæнуй е дæр, æма ма ин никки фулдæр ке бантæстайдæ æ еци удвæллойни. Фал... Уоййасæбæл боз кæмæй адтæй, æ еци карнæ ибæл гадзирахаттæй рацудæй – æртæ анзей размæ (2020 анзи) фæззигон хорзæрийнæ бони æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй Битъæти Роберт...

Рагон разагъди лæгтæй еу уотæ загъта: «Мæ зæрдтагон адæймæгутæй еске ку рамæлуй, уæд мæ зæрдæй дæр еу къæрт бастъæлуй». Махмæ гæсгæ, еци саударæн бæнтти хъæбæр берети зæрдити еугай нæ, фал цалдæргай къæрттитæ бастъалдæй....

Уæдæй абони уæнгæ нæй иронх нæ дзиллæй Битъæти Роберти рохс ном... Абони ба ’й уомæ гæсгæ имисæн, æма 20 мартъий æ райгурдбæл исæнхæст æй цуппаринсæй анзи (1943-2020). Уой фæдбæл абони ци æрмæгутæ мухур кæнæн, уонæй еуей, зундгонд журналист Черчести Хъасболат кæддæр (2013 анзи) Битъæти Роберти хæццæ ци интервью бацæттæ кодта, уой уомæ гæсгæ равзурстан, цæмæй еума хатт райгъусонцæ æ курухон гъудитæ. Бафæндадтæй ма нæ, цæмæй Роберти туххæй сæ зæгъуйнæгтæ зæгъонцæ, хуарз зонгæ ке хæццæ адтæй æма зæрдтагон кæмæн адтæй, етæ дæр.


БИТЪÆТИ Роберт уæлдай æхцæуæнæй архайдта ирæзгæ фæлтæртæн бацæттæгонд равдистити, уæлдайдæр ба ма си кæстæртæ сæхуæдтæ ку архайиуонцæ, уæд.

# ИРОН ТЕАТР ИН АДТÆЙ КОВÆНДОНÆ

Сæ дзубандий Черчести Хъасболат райдæдта мæнæ ауæхæн фарстайæй:

**– Роберт, æцæгæй искурдиадæгин адæймаг кутемæйти фæххайгин уй уæхæн ацъагъуæй?**

– Еунæг скъола дæр искурдиадæ нæ дæттуй адæймагæн. Сауæнгæ уæлдæр скъола ку райсæн, уæд е дæр искурдиадæн айдагъдæр æ тегътæ кæдзосдæр æма зингæгомаудæр кæнуй. Æрттевун ба ин сæ театр искæнуй. Кæддæр еу режиссермæ исмæстгун дæн æма ин уотæ загътон: искурдиадæ мин ду нæ равардтай, æма мин æй есгæ дæр ду нæ бакæндзæнæ. Мадта ка ’й искурдиадæн æ раттæг?.. Æрдзæ, Хуцау!..

**– Мадта дæхе туххæй дæр дæ бон уотæ зæгъун æй?**

– Ка ’й зонуй... Аййевадæмæ тулавасти тæлæнтæ мæ зæрди, æвæдзи, фæззиндтæнцæ мæ мадæ Елени аййев ирон фæндурдзагъдмæ игъосгæй, кенæ ба мæ мади æнсувæр Къодоти Геуæргий дæсни кафтмæ кæсгæй. Кенæдта мин, ка ’й зонуй, Хуцауи лæвар æй театр.

Æрдзон лæвари туххæй ба уотæ зæгъдзæнæн. Æз мæхе хъæбæр амондгун хонун æма арфæ кæнун Хуцауæн, Синдзигъæуи ке райгурдтæн, уой туххæй... Сандир æма мин Елени хузæн адæмуарзон нийййергутæ ке адтæй, уой туххæй. Уогæ ба фиццаг къахдзæфтæ ци синхи ракодтон, уоми ци курухон хестæртæ адтæй!.. Хохойти Абисал, Тауитти Гуйман, Кацанти Габис, Цæллати Геуæрги æма Геоли, Олисати Дудар, Езети Барис, Гурдзибети Дзæппо, Хаджумар æма Гамуссæ, Битъæти Сандир (мæ фидæ), Иван, Аврам æма Федар, Мæрзати Уане, Хъойбайти Амурхан, Къесаонти Мæхæмæт...

Уæхæн, изæди хузæн лæгти ’хсæн ка рацардæй, е æхе амондгун куд не ’схона?..

Куд нæ хонон мæхе амондгун?.. Артисти дæсниадæмæ уарзондзийнадæ мæ зæрди ку исæвзурдæй, уобæл нур цалдæр дæсгай æнзтæ рацудæй... Мæ фиццаг ахургæнæг Толасти Валяй фæрци райгурдæй еци æрдхуæрæни æнкъарæн. Æнæуой ба мæ над аййевадæмæ байгон æй уотæ. Цæгат Иристони паддзахадон университети ахур кæнгæй, бацудтæн металлургти култури Галауани адæмон театрмæ. Æ разамонæг адтæй дзенети бадуйнаг, нæ республики адæмон артист Мæхъити Валодя. Е мин мæ бæрни бакодта фиццаг рольтæ. Мæ фиццаг устурдæр роль ба адтæй, Плити Гриси пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Чермен»-и Даккой роли ке рагъазтон, е. Уой туххæй мин исаккаг кодтонцæ фиццаг къæпхæни диплом.

Уой фæсте мæ куклати театр «Саби»-й сæйраг режиссер Гайти Михал æрбахудта косунмæ сæ коллективмæ. Фал уæддæр мæ зæрдæ дзурдта устур сценæмæ. Æма Ирон паддзахадон драмон театрмæ бацудтæн хуматæг косæгæй.

1980 анзи режиссер Гæлæути Анатоли театри сценæбæл исæвардта Годжицати Исахъи комеди «Гъæддаг кизгæ». Уоми мин Гæлæуи-фурт бабарæ кодта Дзандари роль. Е адтæй, мæнæн устур фæлварæн. Мæ хъайтари сорæт æнхæстæй, бæлвурдæй равдесун мæ къохи ке бафтудæй, уомæ гæсгæ мæ райстонцæ театри исфæлдистадон къуармæ. Исæнхæст æй мæ бæлдæ – исдæн Ирон театри артист.

Уой фæсте Ирон театри сценæбæл рагъазтон берæ рольти. Уони хæццæ – Гæлæути Анатолийи æвæрд спектакль «Зилахар»-и – Батрадз; Туати Дауити «Пæсæйы фæндон» – Цола; Хугати Георги «Цыппар хъысмæты»-йи – Данел; Гоголи «Ревизор»-и – Земляникæ; Хугати Георги «Чепена»-йи – Михел æма берæ æндæр рольти.

**– Роберт, ду дæхуæдæг куд фæззæгъис, уотемæй Ирон театр дæуæн æй дæ ковæндонæ. Цæмæн æй уотæ берæ уарзис?**

– Ирон театр еунæг æй. Æндæр уæхæн Зæнхи цъарæбæл нæййес. Е иронхгæнгæ нæй. Иристони цæргутæй е гъæуама иронх ма уа. Уæлдайдæр ба, æ карнæ аразгæ кæмæй æй, уонæй.

**– Ирон театр алкæддæр алæмæти тухгин адтæй æ актерти уæлиауæй-уæлиаудæр исфæлдистадон æскъуæлхтдзийнæдтæй. Æма уонæй уæлдай ахиддæр ке æримисис?..**

– Мæ бон зæгъун æй уотæ, æма сæ еугурейдæр. Алкæмæй дæр си берæ рæвдуд зонун. Ирон театри курухон хестæртæй еу адтæй Советон Цæдеси адæмон артист Саламти Къоста. Театри артисттæ сæ дарæс кæми фейййевунцæ, еци уæттæ гримеркитæ хонунцæ. Къолай хæццæ нин еу гримеркæ адтæй. Еу изæр ба нæхе цæттæ кодтан спектакль «Дыууæ чындзæхсæвы»-мæ, æма ни алкедæр æ дарæс æййевун æма грим кæнуни куст кодта, еу дзурд ни неке кæнуй, уотемæй. Уæд дин Къола уотæ зæгъуй: «Роберт, над цубур кæнæ». Æз имæ неци исдзурдтон, уомæн æма ’й нæ балæдæрдтæн. Дуккаг хатт дæр бабæй мæмæ ку ’рбадзоридæ: «Над цубур кæнæ». Уæд ин басастæн, зæгъун, нæ дæ балæдæрдтæн, Къола. Е фæлмæн æ медбилти бахудтæй æма уотæ: «Ести дзорæ, ести...»

Хурумти Урузмæги гъæлæс мæмæ магнитофони лентæбæл финстæй æвæрд адтæй, æма, рохс дзенети бадæд, ку рамардæй, уæд имæ мæрддзогойни адæм игъустонцæ, æ цæстисуг неке уорæдта, уотемæй.

Дуккаг бон мин Саламти Къола лигъстæгæнæгау уотæ ку бакæнидæ: Роберт, мæн дæр ниффинсæ. Ниффинстон æй, ке зæгъун æй гъæуй. Устур хæзнати хузæн мин абони дæр æвæрд æнцæ еци дууæ æрдхуæрæни адæймагей гъæлæстæ... Уогæ гъæлæстæ цæмæн? Етæ нæ ес, нæ бон æнцæ...

**– Куд зонæн, уотемæй дæумæ ес режиссери искурдиадæ дæр. Циуавæр спектакльтæ исæвæрун бал бафтудæй дæ къохи?**



БИТЪÆТИ Роберт Чиколай адæмон исфæлдистади бæрæгбони архайгути хæццæ.

*Мæнæ куд дзурдта Роберти исфæлдистади туххæй дзенети бадуйнаг, Советон Цæдеси адæмон артист Саламти Къола: «Нæ кæстæр фæлтæрæн æз Роберти кæддæриддæр фæнзуйнагæй æвæрун. Е ’гъдау, е ’фсармæ, æхебæл куд косуй, алли рольбæл дæр куд архайуй, алли сорæт исаразунæн дæр циуавæр фæззелæнтæ, циуавæр хуарæнтæ иссеруй, уомæй...»*



– Гъо, мæ хъауритæ æвзарун режиссури дæр. Ирон театри сценæбæл бал исæвардтон Хугати Геори пьесæмæ гæсгæ финст спектакль «Дам-думтæ», Дигорон паддзахадон драмон театри сценæбæл ба – Мольери «Цæстфæлхатæг», Хугати Геори – «Сабан æма Габан», Малити Геуæргий – «Темур-Алсахъ», фæсевæдæн – спектакль «Дзенети цъеу».

**– Роберт, ду театрæй уæлдай ма рагъазтай берæ аййевадон æма документалон кинонивти дæр. Уонæй дæ зæрдæмæ хæстæгдæр кæцити райстай?**

– Уомæй раст зæгъис. Театрæй уæлдай æз рагъазтон берæ кинонивти дæр. Уони хæццæ – «Обида старого охотника», «Убойная сила», «Одиннадцать писем Богу», документалон кинонивæ «От сердца к сердцу», «Аланы – дорога на запад» æма æндæрти. Амæй размæ ба мæ æрбахудтонцæ «Ленфильм»-и студимæ æма уоми ци нæуæг кинонивæ, «Женская любовь» есунцæ, уоми мин бабарæ кодтонцæ сæйраг рольтæй еу.

**– Роберт, æргом ку зæгъæн, уæд дæуæн ци ’й театр?**

– Ци ’й театр? Сайтан – æ зонæг. Нæ ’й зонун æма æ базонунмæ дæр уотæ зæрдиагæй уомæн бæллун. Аргъæутти дуйнемæ нæ хонуй. Сайуй нæ. Сайуй, фал ибæл æуууæндун. Æцæг театр исаразунбæл æ уодæй арт ка цагъта, еци Станиславский хумæтæги нæ амудта æ актертæн: куд дæбæл æуууæндонцæ, уотæ косæ, гъома, уотæ мæ «сайæ»... Фал е алли актери бон нæй. Уомæн гъæуй устур искурдиадæ.

**– Национ театр æй маддæлон æвзаг багъæуай кæнунæн æма æ идарддæри райрæзтæн агъазиау фæрæзнæ. Ду ба куд гъуди кæнис?**

– Нæ зундгонд поэт Кадзати Станислав е ’мдзæвгитæй еуеми уотæ зæгъуй:

*...Цы у ирон æвзаг мæнæн?*
*Мæ нысан æмæ фат,*
*Нæ ивгъуыдмæ дæгъæл,*
*Нæ фидæнмæ фæндаг.*

Поэтæй æй хуæздæр нæ зæгъдзæнæн, фал, ирон дзурд, ирон дзубанди, маддæлон аййев дзурди курдбадзи артдзæсти арт ку æрнидæн уа, уæд е нæ исæфт уодзæнæй?.. Маддæлон аййев дзурди зæрингурдтæ Ирон театри цæйбæрцæ адтæй, цæйбæрцæ!.. Таутиати Солæман, Цирихти Петя, Тæбæхсаути Бало, Цæрукъати Александр (Дзибокка), Мерденти Юрий... æма сæ ка фæуууодзæнæй нимад...

Мерденти Юрийи марди уæлгъос лæугæй, гъуди кодтон, зæгъун, тæрсун ирон аййев дзурди дæсниадæ Мерденти Юрийи номи хæццæ ку рамæла, уомæй!.. Сагъæссаг æй, мадта нæй?..

**– Адæймаг æ карни надбæл ку ранхæстдæр уй, уæд имæ, æвæдзи, бæлдитæ æгæр берæ дæр ма фæуунцæ. Цубурæй зæгъгæй, уæд дæ бæлдитæн сæ сæйрагдæр ци ’й?**

– Мæхе зонунгъон ку фæдтæн, уæдæй нуриуæнгæ тæходуй кæнгæй æрветун мæ бæнттæ... Мæ зæрдæбæл еудадзуг дарун сомигæнæни хузи Къостай загъд:

*...Тæхуды йæ фыды зæххыл,*
*Йæ уарзон æмгæртты рæгъыл*
*Кæмæн хъуысы дардмæ йæ зарæг!*

Рæсугъддæр æма фæрнгундæр бæлдæ ма ци уа?..

**– Дæ карни нæдтæбæл рацæугæй, нур си боз дæ? Æви естæмæй гъæстаг дæр дæ?**

– Карнæй нæ гъаст кæнун æгириддæр. Мæ равзурст надбæл нæ кæнун фæсмон. Ци мин бантæстæй, уомæн театрдзаутæ уæнтæ аргъгæнæг дæр æма тæрхонгæнæг дæр...



Ирон театри артисттæ БИТЪÆТИ Роберт, ДЗТИАТИ Лактемур æма СУАНТИ Хъазбег.

***Битъæти Роберт æхуæдæг куд дзурдта, уотемæй кæддæр, дан, æ цардæмбал Афинæтæн (Гатети Хæмæхъани кизгæн) ходгæй уотæ загъта, гъома, нихxатир кæнæ, фал мин театрæй, биййонтæй кæци хъазардæр æй, уой абони уæнгæ дæр мæ бон рартасун нæ бацæй...» Æцæгæйдæр, Роберт уоййасæбæл æновуд адтæй театрбæл, æма, зæгъæн, ци спектакль си æвдист цæуидæ, уоми ку нæ архайидæ, уæддæр нæ фæллæуууидæ æма фæннæхстæр уидæ театрмæ. Спектакли рæстæг ескæми еуварс илæудтайдæ æма циййнæ кодтайдæ, е ’мкосгутæ сценæбæл сæ уодæй арт куд цæгъдунцæ, уобæл...***

# УОГÆ БА ЦÆЙБÆРЦÆБÆЛ УОДÆЙ РАСТ, ЗÆРДÆЙ ХÆЛАР ÆМА ИСКУРДИАДÆГИН АДÆЙМАГ АДТÆЙ РОБЕРТ...



**КЪАДЗАТИ Станислав, поэт, журналист:**

– Битъæти Роберт цал æма цал анзи фæллæггадæ кодта нæ маддæлон æвзагæн театри дæр æма радиой дæр!.. Роберт æ рæстæги цалдæр анзи республикон радиой фæккуста дикторæй, фал уордигæй рацæугæй дæр нæбæл нæ исустурзæрдæ æй, уой фæсте дæр нин бацудæй берæ хуæрзти.

Битъæй-фурти хæццæ уæлдай фулдæр кустан радиобакаст «Бонвæрнон»-бæл – исаразтан дууæсæдемæ хæстæг рауагъди, исхонæн сæ ес Иристони поэзий зæлгæ антологи.

Еу рæстæги уæхæн уавæр исæвзурдæй, æма нæмæ гонорарæн æхца нæбал адтæй, æма уомæ гæсгæ ба Робертмæ нæбал дзурдтон. Е гъуддаг ку балæдæрдтæй, уæд мин æ медбилти ходгæй уотæ:

– Славик, дæу мæмæ еци тексти хæццæ Хуцау æрæрвиста. Цæйбæрцæ æма мин цæйбæрцæ арфитæ фæккæнунцæ адæм!.. Æз гонорари туххæй еу рæнгъæ дæр нæ кæсун. Мæхуæдæг уин феддзæнæн æхца, фал «Бонвæрнон» идарддæр кæнæн...

Гъе, уотæ... Роберт кæд абони, гъулæггагæн, не ’хсæн нæбал æй, уæддæр уотæ зæгъуйнаг дæн: цалинмæ уæхæн адæймæгутæ уа не ’хсæн, уæдмæ не ’взагæн тæссаг нæй фесæфунæй.

Робертæн æ бæрæгбæнттæй еуемæ ниффинстон æмдзæвгæ «Цыппар хъæуы хъæбул». Æма мæ фæндуй абони уин æй уæ зæрдæбæл æрлæууун кæнун:

*Нæ хъæуæй диссагдæр куы нæй –*
*Хæссы цыппар номы фæрнæй.*
*Лæууы цыппар къабазыл арв,*
*Лæууы цыппар хъæуыл нæ цард.*

*Ехх, махæн Сындзыхъæу-зæлдаг,*
*Æмбисонд Хъарманæн йæ хъарм,*
*Урсдон æвдадзы хосæй дзаг,*
*Нæ удтæн Къора у сæ хъан.*

*Фыдæлты намысæй – нæ рæз,*
*Нæ фидæны сыгъзæрин фæз.*
*Нæры та Роберты хъæлæс:*
*«Æтт, зонæм иууылдæр нæ хæс!»*

*Цыппар хъæуы сыгъзæрин зиу*
*Куыд адджын у, куыд кæны иу!*
*Бытъæ сын рахаста сæ фарн,*
*Театырæн ныводн йæ цард.*

*Къæмынтæй Робертæн йæ тафс,*
*Гæлиатæн хæрæфырт – уаз.*
*Нæрæмон Сау лæппу Бытъæ*
*Нæ Ирæн басгуыхти фыртæн.*

*Нæртон дзырдтæ – мин æмæ мин,*
*Сæ рухс нын æрвыг у, зæрин.*
*Хæссы нæм æй Роберт фæрнæй,*
*Зæлдагдæр йæ хъæлæсæй нæй.*



**Г У Б И А Т И Хъазбег, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт артист, Цæгат Иристони адæмон артист, Цæгат Иристони театралон архайгути Цæдеси сæрдар:**

– Битъæти Роберт адтæй алæмæти кæдзосзæрдæ, хæларзæрдæ æма искурдиадæгин адæймаг. Куд исфæлдистадон, уотæ хумæтæги адæймагон æгъдау дæр имæ хъæбæр бæрзонд æвæрди адтæй. Сæумæй кустмæ е мæнæй раздæр æрбацæуидæ, æма ку исæмбæлианæ, уæд мин алли хатт дæр медбилтиходгæй раттидæ зæрдиаг салам.

Роберт адтæй уæхæн искурдиадæгин актер, æма æмхузон æнтæстгинæй арæхстæ театралон аййевади еугур жанрти дæр: комедий, драми, трагикон спектаклити ци берæ аллихузон рольти рагъазта, уонæй алкæми дæр байвардта æ зæрди цæхæр æма адæмæн дæр сæ уарзондæр актертæй еу уомæн иссæй.

Робертæн ирон аййев дзурд адтæй хъæбæр хъазар æма зæрдтагон. Æхе амондгун худта уомæй, æма, Ирон театрмæ æрбацæугæй, æрæййафта ма си æцæг ирон аййев дзурди дæснити, куста сæ хæццæ – етæ адтæнцæ Сланти Къоста, Мерденти Юрий, Темирати Дауит æма иннетæ. Уонæн сæрæвæрæн искодта нæрæмон актер, Роберти æмгъæуккаг Цæрукъати Александр (Дзибокка).

Берæ дзорæн ес Иристони адæмон артист Битъæти Роберти цард æма берæвæрсуг исфæлдистади туххæй. Фал æз цубурæй зæгъдзæнæн уотæ: Роберт адтæй сугъзæрийнæ адæймаг. Хуарз биййонти, фæнзуйнаг кæстæрти хестæр. Абони нин куд нæ фагæ кæнуй æ ирон гъæздуг, зæрдæскъæфгæ дзубанди, æ фæлмæн медбилтихудт.



**Робертæн æ аци къарæмæ кæсгæй, зæрдæбæл æрбалæууй, кæддæр журналистти хæццæ дзубандигæнгæй ци сагъæссаг гъуди загъта, е: «Спектакль ку фæууа, театрдзаутæ сæ фæрнæйдзаг хæдзæрттæмæ ку рапурхæ уонцæ, уæдта мæ цæстæ рахæсдзæнæн, зингхуст актерти къартæбæл æма син зæгъдзæнæн «хуæрзæхсæвæ»... Рохсаг нæ, фал – хуæрзæхсæвæ. Рохсаг зæгъунмæ æвзаг нæ тасуй. Гæрр, куд ес зæгъæн Уатати Бибо нæбал æй, зæгъгæ? Кенæдта Тæбæхсаути Бало, Хъалæгати Федя, Хурумти Урузмæг, Берæгъти Къоста, Саламти Къола, Сланти Къоста, Годжицати Исахъ... Нур дæр ма театр сæ нифсæй ку цæруй, уæд?.. Цæрунцæ æма цæрдзæнæнцæ цардæгæсти зæрдити æностæмæ...»**

**Нур ба Роберт æхуæдæг дæр банæхстæр æй сæ размæ се ’носон дуйнемæ... Зундæй адæймаг уой бæргæ лæдæруй, фал уæддæр зæрдæ ба, рохсаг уо, зæгъгæ, зæгъун нæ комуй... Æ фурристæй айдагъдæр æй исгъæрзунгъон: «Цæрис æма цæрдзæнæ цардæгæсти зæрдити æностæмæ...»**

***АБАЙТИ Васо (1900-2001), номдзуд ахургонд: «Алли адæмихæттитæ дæр æхцæуæнæн æма сæрустурæй фæззæгъунцæ, дзиллити цæсти сæ кадгин ка искодта, сæ еци ахсгиаг хъæболти нæмттæ. Мах, ирæнттæ ба, фæззæгъæн – Къоста, æма нин еци ном нæ зæрдитæ байдзаг кæнуй æгæрон сæрустурдзийнадæ æма хъæболи уарзондзийнадæ...»***



ДЗАНАЙТИ Азанбеги конд хузæ «Къоста».

*Къоста*

## ТÆХУДЫ...

*Тæхудиаг, буц хъæбулæй*
*Йæ уалдзæджы царды хурæй*
*Чи бафсæст йæ мады хъæбысы!*
*Тæхуды, æрæгвæззæджы,*
*Хъæлдзæгæй æнкъард рæстæджы*
*Йæ рагуалдзæг хорзæн чи мысы!*

*Тæхуды, йæ фыды зæххыл,*
*Йæ уарзон æмгарты рæгъыл*
*Кæмæн хъуысы дардмæ йæ зарæг!*
*Тæхуды, йæ гутонимæ,*
*Хæрзифтонг бæхуæрдонимæ*
*Йæ бинонтæн чи у сæ дарæг!*

*Тæхуды, йæ дзыллæйы раз*
*Чи ракæны барджын ныхас,*
*Кæй фæрсынц, кæй равзарынц зондæй!*
*Тæхуды, йæ уарзондзинад,*
*Йæ хорз ном, йæ фыдæлты кад*
*Чи уадзы уæлæуыл зæрондæй!..*



Хетæгкати Къостай конд хузæ «Сабий дорсæттутæ».

# «Æностæмæ цæрæд æ кадæ!..»



**ГАРДАНТИ Михал**
(1870-1962),
финсæг,
этнограф

***Номдзуд рохситауæг, адæмон исфæлдистадæ æмбурдгæнæг, финсæг æма этнограф Гарданти Хъайтухъи фурт Михал æхе нимадта Хетæгкати Къостай æновуддæр фæдонтæй еуебæл. Хъæбæр хуарз зудта Къостай лæгæй-лæгмæ, цалдæр хатти исæмбалдæнцæ еумæ, фæдздзубандитæ кæниуонцæ уæди рæстæги сагъæссагдæр фарстати фæдбæл. Еумæ исистонцæ сæ къарæ дæр. Къостай рамæлæти фæсте Михал зæрдибунæй финста æма мухур кодта уой туххæй æ имисуйнæгтæ.***

***Мухур сæ кæнæн абони (раст зæгъгæй, дæлсæргæндтæ син равардтан нæхе зæрдтæй – цæмæй æнцондæр кæсæн уонцæ).***

### Æ ФÆУУИНУНМÆ, ЗУНДÆЙ ÆЙ БАФÆРСУНМÆ БÆЛДТÆНЦÆ ФÆСЕВÆД...

Къостай ном раги райгъустæй Иристонбæл, æнæгъæнæ Кавказбæл. Е адтæй адæмæн сæ бæгъатæр фурт, сæ зартæгæнæг, сæ бартæбæл тохгæнæг. Æма, поэт æ церд, æ дессаги поэтикон исфæлдистадæ æнæвгъауæй кæмæн равардта, еци æфхуæрд адæмтæ ’й алкæддæр æнæкæрон берæ уарзтонцæ, æ фарс адтæнцæ, агъазмæ имæ æнгъæл кастæнцæ. Е син лæвардта æ агъази хай æма ин кодтонцæ устур кадæ.

Къостай фæууинунмæ, уой зундæй бафæрсунмæ, æ фæдбæл цæунмæ хъæбæрдæр бæлдтæнцæ Иристони фæсевæди раззагдæртæ. Уонæбæл нæхе нимадтан мах дæр. Æма 1890 анзи, Æрæдони дини скъолай ахур кæнгæй, исфæндæ кодтон Къостай хæццæ базонгæ ун, фæллойнæгæнæг дзиллити ’хсæн сæребарæ æма рохсдзийнадæ тауни сæрбæлтау е ци надбæл лæудтæй, уобæл цæун.

Къоста еци рæстæги нимад адтæй паддзахи устурдæр знæгтæй еуебæл. Æ райгурæн Иристони ин цæруни барæ дæр нæ адтæй. Æрæдони дини скъолай разамонгутæ æма моллотæ дæр поэтмæ хуарз цæстæй нæ кастæнцæ. Етæ дæр, уæдта бунæттон буржуазон элементтæ дæр сæ гъос дардтонцæ студенттæй Къостай финститæ, кенæ ба æндæр революционерти киунугутæ ка кастæй, уонæмæ, æма сæ ку базониуонцæ, уæд сæ скъолайæй ратæриуонцæ.

Еу бæрæгбони рæстæги æз байархайдтон мæхе скъолайæй æртæ боней дæргъи ракорунбæл æма фестæгæй рараст дæн Æрæдонæй Дзæуæгигъæумæ. Е адтæй 1892 анзи, фиццаг октябри – раст не скъолай дини бæрæгбон ку адтæй, уæд.

Сахари бацудтæн поэт Цæголти Михали фурт Геуæргимæ. Е зудта Къостай фатер æма мин æй байамудта. Къоста уæд, æнгъæлдæн, Æрæдони номбæл гъæунги цардæй (æви Тифлиси гъæунги, дзæбæх æй нæбал гъуди кæнун). Бацудтæн æма дуар бахуастон. Рацудæй мæмæ фудхузгомау æ кари силгоймаг æма мин загъта:

– Къоста нуртæккæ ами нæй. Ами фæууй сæумæй фараст сахаттебæл, кенæ ба бонæй æртæ сахаттебæл.

Æз фæстæмæ рандæ дæн. Къостай фæууинунмæ бæлгæй, мæ зæрдæ агайдта фурцийнæй. Рæстæг дæр ниддаргъ æй. Фæндадтæй мæ тагъддæр ку тахтайуонцæ минуттæ æма æртæ сахатти ку ралæудтайдæ.

1892 анзи, дуккаг октябри, бони æртæ сахатти ку ралæудтæй, уæдта бахуастон Къостай фатери дуар. Уайтæкки дуар фегон æй, ракастæй мæмæ хуæрзконд, зæрдæмæдзæугæ, гургин лæхъуæн, еу-дæс æма инсæй анзи кæбæл цудайдæ, уæхæн. Салам мин равардта, уæдта мæ бафарста:

– Ка дæ гъæуй, æнсувæр?

Æз расурх дæн æма æфсæрмигæнгæй дзуапп равардтон:

– Бахатир кæнæ, мæн Къоста гъæуй, фæууинон æй.

Лæг æ медбилти бахудтæй, дуæрттæ урухдæр байгон кодта. Æ къохæй мин райамудта уатмæ æма дууемæй дæр медæмæ бахизтан.

### ЛИМÆНТИ ХÆЦЦÆ – ФÆЛМÆНЗÆРДÆ, ÆНÆУИНОНТИ ХÆЦЦÆ БА – КÆРЗДЗУРД...

Кæд мин æхе нæма байамудта, уæддæр æз базудтон, е Къоста ке адтæй, уой, æма мæ зæрдæ цийнæй райдзаг æй. Æ еу къахæй еуминкъий къулух цудæй. Еу дуарбæл бахизтан хорнигулæнæрдæмæ тургъæмæ, уордигæй галеуæрдæмæ æндæр уатмæ бацудан. Е адтæй Къостай хузæгæнæн æрмадзæ.

Уати уайтæкки рауидтон нæуæг конд хузæ: æригон хуæнхаг биццеу, дорсæттæг. Е дзæбокæй сæттуй дортæ, фудхуз, фæлорс, æ дзаумау еуæй-еу рауæнти æскъудтæ.

Еци æнамонд мæгур сувæллони хузæмæ кæсгæй мæ зæрдæ бамæгур æй. Сæргубурæй имæ дзæвгарæ фæккастæн. Уоми ма адтæй цидæр изæдти хузтæ дæр. Къоста мин уонæмæ райамудта. Æркастæн сæмæ æма ин æфсæрмигæнгæй загътон:

– Уæхæн гъæздуг цардгæнæг «изæдтæ» махмæ дæр берæ ес. Адæймаги зæрдæмæ уойбæрцæ нæ хезунцæ. Фал æз хъæбæр тæрегъæд кæнун уартæ еци мæгур биццеуæн.

Къоста бабæй мæ дзубандитæбæл æ медбилти бахудтæй æма иннæ уатмæ бахизтæй. Æз еуцæйбæрцæдæр рæстæг еунæгæй райзадтæн. Хузтæмæ кæсгæй гъудити ранигъулдтæн æма нæ бафеппайдтон, Къоста фæстæмæ куд рацудæй, уой.

– Цæуæн медæмæ, иннæ уатмæ, – загъта е æма бацудан, æ къæрæзгитæ хорнигулæнæрдæмæ кæмæн адтæнцæ, уæхæн ниллæг уатмæ. Къела мин æрæвардта.

– Исбадæ, – къеламæ мин райамудта, æхуæдæг къæразги рази персайнаг горцъейæй æмбæрзт ка адтæй, уæхæн тъахтинбæл æрбадтæй...

– Гъе дин мæнæ æз, Къоста! – загъта е æма, цума ести хабармæ æнгъæлмæ кастæй, уæхæн каст мæмæ æрбакодта.

Æз дæр имæ лæмбунæгдæр æркастæн: æмбесонди хуæрзконд лæхъуæн, – æ тæрних – бæрзонд, цæхæрцæстæ, æ бецъотæ дæр сау-сауид, æ закъæ дæр адтæй рæсугъд, цубурæлвид. Еузагъдæй, æцæг ирон лæг.

Æз уой размæ берæ хæттити фегъустон, зæгъгæ, дан, Къоста дæсни æй, ке хæццæ ин куд дзубандигæнгæ ’й, уомæ. Æ лимæнти хæццæ фæлмæн æма игъæлдзæгæй фæдздзубанди кæнуй, ке нæ уарза, уой хæццæ ба æнæхатирæй.

Къела мин ку æрæвардта, уæд æз хъæбæрдæр нифсæрми дæн. Ходуйнаг мæмæ кастæй, кæстæр уогæй, е ’мрæнгъæ исбадун. Къоста мæ балæдæрдтæй æма мин нæуæгæй байамудта къеламæ:

– Æфсæрми ма кæнæ, исбадæ æма мин дæ хабæрттæ радзорæ.

– Æз Æрæдони дини скъолай кæсун, киристонгъæуккаг дæн, Гардантæй, – загътон æма бабæй нæуæгæй нигъгъос дæн... Цума нæмæ дзоруйнаг æгириддæр нецибал адтæй. Цума æз айдагъдæр Къостайæн æ фæууинунмæ æрбацудтæн, уотæ.

Кæсунæй имæ нæбал æфсастæн. Къостабæл адтæй хумæтæги дарæс – сау хæдонæ. Уæхæн хумæтæги дарæси ’й уой фæсте некæдбал фæууидтон. Е алкæддæр дардта цохъатæ, бохарходæ æма хуæдбунтæ, баслæхъ, хъæма ирон рони хæццæ – ефстагмæ ибæл уидæ нимæт дæр.

### ЗÆРДТАГОНÆЙ ФÆДЗДЗУБАНДИ КОДТАН НÆ БЕРÆ ЗÆГЪУЙНÆГТИ ФÆДБÆЛ...

Мæ хæццæ куд фулдæр дзубанди кодта, уотæ ’й зæрдæ æхемæ хъæбæрдæр æлваста. Къостай хæццæ дзубанди кæнунæй, æвæдзи, некæд бафæлладайнæ.

– Къоста, – фæстагмæ исдзурдтон æз. – Еуминкъий басня ниффинстон: «Толдзæ ма æхсæрæ». – Æма имæ равардтон мæ къохфинст.

Къоста ’й æхенимæри бакастæй, уæдта мæ бафарста:

– Зæгъай мин, дæ хуарзæнхæй, ци зæгъунмæ гъавтай аци басняй?

– Еуæй-еу бонгинтæ, æлдæрттæ, саугинтæ æма æндæр уæхæнттæ сæхемæ толдзи хузæн федар кæсунцæ. Нецæмæ дарунцæ листæг æхсæрæ бæлæсти. Кавкази мингæйттæй ка ирæзуй æма берæ æхсæртæ кæбæл æрзайуй, уони. Гъома, фæллойнæгæнæг мæгур адæми.

– Раст, хъæбæр раст зæгъис, мæ лимæн, Михал, – мæ номæй мæмæ исдзурдта. Æвæдзи æй æмдзæвги бунмæ бакастæй, – махæн дæ хæццæ нæ гъудитæ еу рауæнмæ цæунцæ. Æнæмæнгæ еу гъуддагæй гъигæдард ан. Гъæуама нæ тох бонгинти нихмæ уа æфхуæрд адæми царди сæрбæлтау...

Берæ фæдздзубанди кодтан зæрдтагонæй, берæ ахсгиаг зæгъуйнæгтæ нæмæ разиндтæй. Гъæуи, скъолай хабæрттæй мæ фæффарста Къоста. Уæдта имæ мæ финст ниууагътон, хуæрзбон ин загътон. Уотемæй мæ рафæндараст кодта.

Æма ме скъоламæ фæстæмæ æрцудтæн. Уæдæй фæстæмæ æз зæрдиагæй архайдтон, Къостай хæццæ нæмæ ци бастдзийнадæ рауадæй, уой федардæр кæнунбæл...

### ЦИТГИНÆЙ ÆЙ ИСИУАЗÆГ КОДТОНЦÆ – Æ КАДÆН ИСАРАЗТОНЦÆ КУВД...

Мæнæ уæлдæр ци скъолай кой ракодтон, уой 1893 анзи, 20 июли каст фæдтæн. Косун райдæдтон адæмон ахургæнæгæй.

Еци рæстæги Къостайæн Иристони цæруни барæ нæ адтæй. Е рандæй е ’рвадæ Хетæгкати Андухъапармæ, Петербургмæ. Андухъапар уоми уæд дохтирæй куста. Къоста имæ еуцæйбæрцæдæр рæстæг рацардæй, уæдта дууемæй дæр исфæндæ кодтонцæ Иристонмæ иссæун.

**Зундгонд финсæг, публицист, тæлмацгæнæг Хæблиати Моратбеги фурт Сафари райгурдбæл 27 мартъий исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи (1933-2003).**

Æз ба 1896 анзи иссудтæн Дзæуæгигъæумæ. Уæд æз косун райдæдтон Терки облæсти скъолати инспекторæй. Базудтон, Къоста Андухъапари хæццæ Петербургæй сосæггай ке иссудæй, уой. Къоста Терки облæсти администрацийæй ахе римахста æма æ фусун æркодта Иригъæуи, Колитæмæ.

Иристони хъазар поэт æ райгурæн бæстæмæ ке фæззиндтæй, уой Къостайæн æ хæстæргæдæр æмбæлттæй æндæр неке зудта. Еци æмбæлттæй еу адтæй поэт Цæголти Геуæрги. Е зæрдиагæй архайдта Къостайæн кадæ æма цитæ исаразунбæл, исбоц æй кæнунбæл. Цæголи-фурти фæндонмæ гæсгæ, Къостай куд æнгъезуй, уотæ исиуазæг кæнуни туххæй, сахари сæрмæ, Сапицкийи будкæ ке хонунцæ, еци рауæн кувд искодтонцæ.

Июни æви июли адтæй, дзæбæх æй нæбал гъуди кæнун. Айдагъдæр ма мæ зæрдæбæл лæууй – сабати бон адтæй. Кæбæл æууæндтæн, уæхæн дууæ æмбали – Тотой-фурт æма Бердий-фурти мæ хæццæ райстон, фаэтон байхурстан æма иссудан нæ нисангонд бунатмæ. Берæ хуарз дзубандитæ фæккодтан. Нæ хузæ Къостай хæццæ еумæ исистан. Хузесæги муггаг адтæй Дзанайтæй-Хетæгкатæй. Алкедæр фæндадтæй Къостамæ хæстæгдæр балæуун, уой хæццæ фулдæр радзубанди кæнун.

#### НÆ ДЗУБАНДИ ФУЛДÆР УИДÆ НÆ МАДДÆЛОН ÆВЗАГБÆЛ ГАЗЕТТÆ ÆМА КИУНУГУТÆ МУХУР КÆНУНИ ФÆДБÆЛ...

Рæсугъд къохи, кæдзос уæлдæфи, берæ деденгути астæу, гъездуг фингæ æрæвардтонцæ. Финги хестæрæн равзурстан Къостайæн ахе. Æз разардтон, Къоста ци зар уарзта «Къудари зæронд лæг», зæгъгæ, уой. Мæнæй æй райста Къоста. Еугурæйдæр ин зæрдиагæй базариуонцæ.

Нæ еугуремæн дæр нæ каст Къостамæ адтæй. Е игъæлдзæг адтæй, æ цæститæй худтæй, циуавæрдæр нифси цæхæртæ си æрттивтонцæ.

Къоста фиццаг ракувта нæ фембæлд исаразæг, поэт Цæголти Геуæргий цæрæнбони туххæй.

– Хуарз æргъуди адтæй, æмбæлттæ, раст ку зæгъæн, уæд, Геуæргий æргъуди æма ин æ цæрæнбони тухххæй баниуазæн...

– Хуарз, хъæбæр хуарз, Къоста! – загътонцæ æмбæлттæ æма ин æ кувд кæронмæ рахъæртун кодтонцæ.

Уой фæсте берæ æндæр гагидæуттæ. Хуæрдæ æма ниуæзти игъæлдзæгдзийнади фингæ идарддæр æ куст кодта. Берæ си адтæй гъуддагбæл дзубандитæ. Дзубанди рацудæй хуæнхаг силгоймæгтæн ахурадæмæ над аразуни тухххæй дæр. Къоста амудта, зæгъгæ, гъæуама хуæнхаг силгоймаг нæлгоймаги хæццæ æмбарæ уа, биццеутæ æма кизгуттæ гъæуама æмхузон хай исуонцæ ахурадæ æма рохсадæй.

Мах – ахургæнгутæ – еци гъуддаги Къостай фарс адтан.



Нæлгоймæгтæ æма силгоймæгтæ еумæ æмхузонæй ахур кæнонцæ, зæгъгæ, уой нихмæ ка лæудтæй, уæхæнттæ дæр си разиндтæй не 'хсæн. Уонæй адтæнцæ сахари хецау Байати Гаппо, уæдта сахари скъолати ахургæнæг Тибили-фурт. Æма сæ дууей тухххæй дæр Къоста гъазгæ-æфхуæрæн дзубанди кодта: «Зундгин ахургæнæг æй Тибили-фурт. Уой нæ гъæуй ахургонд уосæ. Ахургонд уосæ коммæ нæ фæккæсуй...»

Байати Гаппой дæр æхсилкъæ кодта æ циргъ зæгъдтитæй: «Зундæй идзаг æй Байи-фурти сæр, е хумæтæги не 'ссæй Горæти сæр»...

Фал нин уæдмæ нæ гъæуайгæнгутæ фегъосун кодтонцæ:

– Терки рахес билæбæл, Тарскийи хутор æрдæмæ, дан, пъæлицæ иссæунцæ. Æнæмæнгæ бабæй етæ кедæр агорунцæ.

Еци бæлахæй нæ нæхе æвæстеуатæй багъæуай кæнун гъудæй. Къостайæн ахе амундмæ гæсгæ æмбæлттæ уайтæкки еугæйттæй гъæди сæхе римæхсунмæ фæцæнцæ. Айдагъдæр Къоста, Андухъапар æма æз нæхе нæ бафæсвæд кодтан. Нæ бунатæй æмраст къахнадбæл сахармæ рараст ан пъæлицæйæгтæн сæ тæккæ комкоммæ.

Къостайæн æ плащ адтæй æ галеу цонгбæл, æ рахес къохи ба – зонт. Уомæй гъазгæ цудæй Къоста æма дзурдта:

– Де 'знагбæл дæ фæууæлахез ун ку фæндæуа, уæд имæ алкæддæр комкоммæ нифсгунæй, лæгæй-лæгмæ цо!..

Мах неке бахъор кодта. Фал гъæди нæ хæццæ ка адтæй, уонæй беретæ ахæст æрцудæнцæ. Ахæст æрцудæй поэт Цæголти Геуæрги дæр. Мæн ба мæ кустæй райеуварс кодтонцæ – политикон æгъдауæй мæбæл æуууæнкæ ке нæбал адтæй, уомæ гæсгæ.

Къостай хæццæ еци фембæлд махæй беретæн фæййагъаз æй нæ идарддæри революцион кусти надбæл федардæр æма еузæрдиуондæрæй цæунæн.

Уæдæй фæстæмæ Къостай хæццæ берæ хæттити исæмбалдтæн. Нæ дзубандий сæр фулдæр уидæ нæ маддæлон æвзагбæл газеттæ æма киунугутæ мухур кæнуни гъуддаг.

Къоста ахид цæуидæ Æрæдонмæ. Æ фусун адтæй ахургæнæг Хурумти Аврам.

– Саугинтæ мин дзæбæх æхца федунцæ, издæти хузтæ ку искæнун, уæд. Архайун æз дæр! Мадта ци киндæуа!.. – уæхæн дзубандитæ цалдæр хатти фегъустон Къостайæй.

#### ÆГÆРОН ЗИН НИН АДТÆЙ, УОЙЙАСÆБÆЛ КЕ ИСÆНÆХЪАУРÆ 'Й, Е...

Нæ бастдзийнадæ никкидæр исфедар æй газет «Цæгат Кавказ»-и редакций æмкосгутæ ку адтан, уæд. Еци рæстæг Къоста хъæбæр агъаз кодта бунæттон автортæн, редакцимæ ци æрмæг æрвистонцæ, уони исредакци кæнидæ æма сæ тагъддæр нимму хур кæнунбæл архайдта.

Ралæудтæй 1900 анз. Къостайæн ахæстдонæ æма зин цард æ хъаурæ басастонцæ. Нез дæр ибæл уæлахез кæнун райдæдта.

Фæстаг хатт ма Къостай Æрæдони ку фæууидтон, уæд мæ æрæдойнаг æмбæлттæн дзурдтон, Къостайæн æ хъаурæ æхемæ нæбал æй, зæгъгæ. Етæ дæр загътонцæ:

– Раст æй, Къостамæ æ кæддæри хъауритæй берæ нæбал байзадæй. Ардæмæ дæр ма, æвæдзи, æ рагон уарзон Цæликкати Анни уинунмæ æрцæуй...

Аннæ еци рæстæги цардæй Æрæдони, æ хæстæг Абацитæмæ. Къостайæн ба, Хурумти Аврammæ фусунуати уогæй, æвæдзи, Анни фæууинунæн фадуат фæцæй. Фал ма ин уомæй дæр ци пайда адтæй?.. Исæнæхъаурæ 'й...

Къостай рамарди хабар махмæ дæр Дзæуæгигъæуи ахæстдонæмæ æрбайгъустæй 1906 анзи апърели. Мах нимад адтан политикон ахæститæбæл – 1905 анзи революцион змæлди гъуддæгути разæнгардæй ке архайдтан, уомæ гæсгæ.

#### ХЪÆБÆР ЗÆРДРИСТÆЙ ФÆХЪХЪОНЦ КОДТАН, МÆРДÆГЪДÆУТТÆ ИН ИСАРАЗТАН...

Уайтæккидæр камеритæбæл рахæлеу æй еци уæззау хабар – æ цардæй рацох æй номдзуд финсæг, адæми сæрбæлдзорæг, нæ ахургæнæг, нæ хъазар æмбал Къоста. Ахæститæ сæ еугур дæр гъигæзæрдæй исистадæнцæ... «Рамардæй Къоста...», «Рахустæй ирон адæми дессаги стъалу... Нæ хор...» Уæхæн зæрдхъурмæ дзубандитæ хъонцгæнгæ гъæлæсиуагæй игъустæнцæ аллирдæгитæй. Политикон ахæститæ байагурдтонцæ ахæстдони администрацийæй, цæмæй Къостай мæлæти тухххæй панихидæ арæзт æрцудайдæ. Æма син уæхæн барæ ку нæ лæвардтонцæ, уæд ниллæудтæнцæ, хуæрунаг нæбал райсдзинан, зæгъгæ.

Политикон ахæстити фæдбæл рацудæнцæ æнæуой ахæститæ дæр, бунт иситонцæ. Ахæстдони медæггаг дуæрттæ басастонцæ, надзирательтæй кедæрти фæннадтонцæ æма ахæстдони тургъæмæ рампурстонцæ. Курдтонцæ, Къостай рамæлуни номбæл саугин куд исаргъудтайдæ, уой.

Ахæстдони администраций бон не 'ссæй ахæстити хæлхъой бауорамун æма дуккаг бон исаразтонцæ Къостай номбæл рохсаг зæгъуни аргъуд. Ахæститæй тургъи къохбакæнæн нæбал адтæй. Уæдмæ саугин Солнцев фæррæст æй ахæстдони минкъий дзиуарæмæ. Е аргъаун райдæдта Къостай тухххæй, Хуцау, дзенетмæ ин над радтæ, зæгъгæ.

Мах ба нæхердигонау æмхузонæй дзурдтан: «Æносмæ цæрæд æ кадæ нæ номдзуд поэтæн!..» Аргъудæй фæстæмæ цæугæй ба низзардтан революцион зар «Интернационал».

Еци сахат махæн нæ зæрдити адтæй устур маст æма гъигæдзийнадæ Къостай фæззиани фæдбæл. Цæттæ адтан никки карздæрæй тох кæнунмæ.

Фал уайтæкки фæззиндтæнцæ нæуæг æфсæддонтæ ахæстдони администраци æма пъæлицæн агъаз кæнуни тухххæй. Етæ гæрзефтонгæй æрзилдæнцæ нæ алливарс, нæуæгæй бабæй нæ бакодтонцæ талингæ ахæстдони унгæг къумтæмæ...

#### «НУР ДÆР МА НИН КУ ЦАРДАЙДÆ, – БÆРГÆ НÆ ГЪУДÆЙ Æ СÆР...»

**ГУРДЖИБЕТИ Блашка**
(1868-1905)

*КЪОСТА*

Ка дин не 'скæндзæнæй кадæ,
Ка дин нæ ратдзæнæй æгъдау?
Ка сдзурдта, ниййергæй нæ мадæ,
Адæммæ йе 'взагæй дойау?

Тари, гъæуаггин – чирагъæй,
Скодтай æй дæ мæтæ, дæ уаргъ,
Фæйхастай æнцон дæ рагъæй,
Зонгæй йин æ уæжи æ йаргъ.

Ра 'йбæл игурдтай фæндури
Пахампарæн нин сувæллон...
Фæсмæрунцæ 'й хонх, будури,
Ирæ 'ма Дигорæ дæ ном.

Нæ уинуй дæ хæстæгмæ нæ цæстæ,
Йизолмæ йигъосуй дæ нæ гъос, –
Арфæгондæй дин нæ бæстæ
Мижди æрветуй æ боз!

**МАЛИТИ Геуæрги**
(1886-1942)

*ПАМЯТИ КОСТА*

Тая в душе свои страданья,
О брате меньшем он скорбел,
И стих его – души сверканье –
Металлом плачущим звенел.
Поборник чаяний народа,
Он пел, что правда и любовь
И звезд сиянье – свобода
Живут не там, где льется кровь,
Что в царство высшего сознанья
Нас может весть не грубый меч,
А мысли творческой созданье,
Живая творческая речь.
Как облик мощного титана,
Сверкая льдами, как алмаз,
Внимал ему из-под тумана
Седой таинственный Кавказ.
Умолк, – но стих его певучий
В сердцах людей еще звенит,
И миру темному сквозь тучи
О солнце вечном говорит.

**БАГЪÆРАТИ Созур**
(1888-1928)

*КЪОСТАЙ ФÆСМÆРДÆ*

Хуæрзигурд лæг, бæстæ уарзгæй,
нæ фæммæлуй хуæрззæрæй.
Æвæццæгæн, гъезæмарæй
рæхги мæлун хуæздæр æй.

Нур дæр ма нин ку цардайдæ, –
бæргæ нæ гъудæй æ сæр.
Уæд абони игъустайдæ
нæ бæрзонд хуæнхтæй æ гъæр.

Æ фудæбон æ уарзонтæн
никхæлар æй сæ фæндон.
Æ фæсмæрдæ нæ мæгуртæн
исаккаг æй цæрæнбон.

Æ фæсмæрдæ зæрдирайгæй
æстугути ирæзæн.
Нæ фæлмæн цъух зæрди дуар æй,
нæ цъухæй æй имисæн.

**Номдзуд финсæг, æртæ тугъдеми архайæг Мугути Мæхæмæти фурт Хаджи-Мурати райгурдбæл 3 апърели æнхæст кæнуй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1893-1968).**

***Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Хуарз æй гъе уотæ исахур кæнун: ескæбæл ку исæмбæлай, уæд айдагъдæр æстауни дзубандитæмæ ма æнгъæлмæ кæсæ, фал цæмæйдæр æфхуæрæн, æнæзæрдæмæдзæугæ, мæстаг, цæмæйдæр ба айуангæнæг дзубандитæмæ, карз уайдзæфтæмæ. Дæхе уотæ ку дарай, уæд е агъаз æй фæлтæрунæн, дæхецæй æгæр боз унæй иссæребарæ унæн...»***



# МЕДБИЛТИ ХОДГÆЙ

– Хуæдтолгæ балхæдтон, уой, мæ хæлар, нæ фегъустай? Цæмæн æй балхæдтон, зæгъгæ, мæ ку бафæрсай, уæдта дин ратдзæнæн уæхæн дзуапп: æз дæр, зæгъун, алли рауæнтæбæл ку разилдтитæ кæнинæ, дуйне ку фæуууининæ.

– Хъæбæр хуарз бакодтай, мæ хъазар, хъæбæр хуарз. Æцæг кæци дуйне фæуууинунмæ гъавис: аци дуйне, æви æносон дуйне?..

* * *

**Юханнеси уосæ рамардæй. Аргъауæнмæ ’й ку хастонцæ, уæд кирæ дуари тæрвазæбæл бакъуæрдтонцæ, æма зæронд уосæ райгъал æй. Куд рабæрæг æй, уотемæй е мард нæ адтæй, фал летаргион фунæй бацæй.**

**Еуцалдæр анзей фæсте бабæй нæуæгæй рамардæй Юханнеси зæронд уосæ. Æ мард бабæй ин аргъауæнмæ ку хастонцæ, уæд Юханнес кирæхæсгутæмæ дзоруй:**

**– Арæхстгай бацæуетæ, уæ хуарзæнхæй! Кенæдта бабæй... Гъуди ма ’й кæнетæ, айразмæ гъуддаг куд рауадæй, уой?**

* * *

Дууæ æмбали кæсалгæ ахæстонцæ. Еуафони бафеппайдтонцæ, кæсæлгити гъæуайгæнæг инспектор сæмæ коммæ ке ’рбацæуй, уой. Æма кæсалгахæсгутæй еу ледзæги фæцæй. Инспектор æ фæдбæл фескъардта æма ’й фæссурдта æртæ километрей бæрцæ. Байагурдта си кæсалгахæссуни бари гæгъæди.

Кæсалгахæссæг имæ ’й балæвардта.

– Мадта ми уæд цæмæ лигътæ? – деси бацудæй инспектор.

– Уомæн æма ме ’мбалмæ нæ адтæй уæхæн гæгъæди, – дзуапп ин равардта кæсалгахæссæг.

* * *

**Уосæ рандæй курортмæ æма аллибон дæр æ лæгмæ тел æрвиста: «Уарун не ’нцайуй, æма хъæбæр æнкъард кæнун».**

**Æстæймаг бон æ лæг рарвиста уæхæн дзуаппон тел: «Æвæстеуатæй нæхемæ рацо! Ами, нæхемæ, уарун асландæр æй».**

* * *

– Баруагæс ди уæд, дохтир, сæумæй мæ галеу сæрифарс æ фурристæй тъæппитæ фæххауй.

– Æнзтæ цæунцæ æма нæбæл сæ уæзæ æрæвардтонцæ, Сапсихъо.

– Гæрр, æма æнзтæмæ дæр уæхæн гъолодзийнадæ ес? Мæ сæри иннæ фарсбæл дæр уойбæрцæ ку цæуй æма е ку нæ ресуй...

* * *

**– Заманай киунугæ бабæй дин рацудæй, ме ’мбал.**

**– Бакастæ ’й?**

**– Нæ-æ! Æзинæ ’й киунугути тукани тæрхæгбæл фæууидтон. Кæсунмæ ба ке евдæлуй, мæхуæдæг дæр финсгæ кæнун.**

* * *

– Еугуремæй зиндзурддæр æнцæ силгоймæгтæ, – дзурдта еу англисаг сахари пъæлици хецау. – Басæттæн син нецæбæл ес. Æрæги еу силгоймаг æрфусун кодта отели. Æхсæвæ хуссæни бафунæй æй содзгæ тамакуй хæццæ. Хуссæн иссугъдæй. Фæффæдес кæнун багъудæй зингхуссунгæнгутæмæ. Фал силгоймаги ку фарстонцæ, уæд нæ басастæй, мæн фуд нæ адтæй, зæгъгæ. Хуссæн, дан, содзгæ кодта ме ’рхуссуни размæ.

* * *

**Цума дæ еске соргæ кæнуй, уой хузæн кумæ тæхис? – фæрсуй лæг æ зонги.**

**– Мæнæ нæ бийнойнагæн сæрдигон ходæ балхæдтон æма, зæгъун, тагъддæр æй ку бахъæртун кæнинæ, цалинмæ модæ нæма райййивта, уæдмæ.**

* * *

– Дæ хуарзæнхæй, Сæппе, Георбæл аци бон ци изæд ратахтæй? Хецау ку иссæй, уæдæй ардæмæ мæмæ фæрсмæ дæр нæбал кастæй. Нур ба мин аци бон гъæунги мæ къох райста æма мæ хæццæ, гъазæн дзубандитæгæнгæ, сауæнгæ тегъæмæ фæццудæй.

– Гæрр, æма нецима фегъустай? – æ закъæ æрсæрфта Сæппе. – Æзинæ ’й æ кустæй исистонцæ.

* * *

**– Ду мин, кустмæ 'й райсунæн бæззуй, зæгъгæ, цæмæн амонис, фондз анзи ахæстдони ка фæббадтæй, уæхæн лæги!**

**– Æма мин дæхуæдæг уотæ нæ загътай, къуар анзи еу рауæн ка адтæй, уæхæн лæг мин байамонæ, зæгъгæ?**




* * *

Æлхæнæг уæйæгæнæгæн:

– Мæ зæрдæмæ нæ цæунцæ аци батинкитæ. Æгæр нарæг æнцæ.

Уæйæгæнæг:

– Гъома, аци сезони уæхæн къахидарæс дарунцæ.

Æлхæнæг:

– Е уотæ ’й, бæргæ, фал мæ къæхтæ евгъуд анзи сезонæй æнцæ...

* * *

**Уасæнгæ хуари нæмуг иссирдта æма кæркитæмæ фæдздзурдта:**

**– Хъо-хъо-хъо! Тагъддæр! Тагъддæр! Мæнæ хуари нæмуг!**

**Кæркитæ æ алливарс æрæмбурд æнцæ. Фал уæдмæ уасæнгæ æхуæдæг нæмуг ранихъуардта.**

**– Хъо-хъо-хъо! – бахæлхæл кодта уасæнгæ. – Байрæги кодтайтæ! Хуарз нæмуг адтæй, хъохъорий нæмуг! – Æхуæдæг æ галеу базур зæнхæбæл хафгæй еу карки алливарс æркафта.**

* * *

– Аци Фрэнк цидæр æнахур лæхъуæн æй. Мæ киунугæ имæ кæсунмæ ку равардтон, уæд æй æхемæ цалдæр анзи фæддардта, нур ин мæ кизги ку равардтон, уæд сæ киндзæхсæвæрбæл мæйæ дæр нæма рацудæй, уотæ мин æй фæстæмæ мæ хæдзари æрбалæуун кодта, – гъаст кодта лæг æ сиахсæй.

* * *

**Аци сæрдасæнбæл ци исæмбалдæй! Æзинæ дæр ма ростæбæл æндзæвгæ дæр нæ кодта, уотæ хуарз мæ даста. Нур ба нæ фæрæтæй къумухдæр фæцæй. Ци кодта цума?**

**– Къумух, зæгъис? – æ фурти размæ æрбауадæй зæронд уосæ. – Æз си абони сæумæй картоф кæдзос кодтон æма хъæбæр циргъ адтæй!**

* * *

Зæгъай, дæ хуарзæнхæй, Биби, ке биццеу дæ: дæ фиди, æви дæ мади?

– Е нерæнги бæрæг нæма ’й: тагъд рæстæги æй тæрхонгæнæг зæгъдзæнæй!







Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 950. Заказ № 673.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 30.03.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 30.03.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.